



## Kesyon refleksyon

### (Se Djeride Jean-Baptise ki prepare plan leson sa a nan brase lide ak Walner Osna, Ezra Remer ak Michel DeGraff)

- 1- Apre nou fin li tèks la, gade ki jan Kòd nwa (*Code noir*) te konn itilize mo franse « Nègre » nan epòk kolonyal la. Nou ka menm rive jwenn orijin espresyon kreyòl « tèt nèg » tou ! Chache dekouvri ki politik ki te kache dèyè itilizasyon mo franse « nègre » la. Aprè rechèch sa a, chak moun (oswa gwoup moun, si n fè aktivite a an gwoup) ava pataje tout dekouvèt yo sot fè yo.
- 2- Premye atik Kòd nwa a di : « Nou mande tout otorite kolonyal yo pou yo mete deyò tout Jwif ki te tabli rezidans yo nan zile nou yo ... ». Malgre Kòd nwa a se te yon zouti pou kontwole zansèt afriken nou yo ki te nan esklavaj, premye atik la se sou yon kategori moun (Jwif) ki te defini tèt yo selon kritè relijyon. Ki analiz nou sou 1<sup>e</sup> atik sa a ? Nan analiz ou, pou ki sa otè Kòd *nwa* sa a te mete 1<sup>e</sup> atik sa a kont Jwif alòs ke se te yon Kòd *nwa* pou kontwole moun ki gen po *nwa* ?
- 3- Apre nou fin reflechi sou 1<sup>e</sup> atik Kòd nwa a (kont Jwif nan koloni Lafrans yo), kounye a, an n kalkile ki jan Jean-Jacques Dessalines te sèvi ak mo « nwa » a nan Atik 13 Konstitisyon 1805 la : Dessalines te konsidere tout moun k ap viv ann Ayiti kòm moun « nwa » kèlkeswa koulè po yo. Ata Alman ak Polonè te vin antre nan kategori moun « nwa » tou ! Lè n konpare objektif Kòd *nwa* ak fondasyon politik konsèp « *nwa* » sa a nan Konstitisyon 1805 Dessalines lan, ki refleksyon nou ka fè sou kategori « nwa » a nan istwa d Ayiti e nan istwa mond lan ?
- 4- Ki jan nou panse entèpretasyon mo kreyòl « nèg » la ansanm ak pawòl Accau a (« Nèg rich se milat ; milat pòv se nèg ») ka sèvi pou ede n konprann envansyon ak fonksyonman konsèp « ras » la nan pwojè kolonyal la ?
- 5- An n konsidere yon analiz kote divizyon limanite ant « ras nwa » ak « ras blan » ak lòt « ras » se yon pati nan eritaj kolonyal nou resevwa. Èske w panse sa ka bon si yon eritaj kon sa ta disparèt ? Si n panse fòk eritaj sa a dwe disparèt, ki pi bon fason nou panse nou menm ann Ayiti ka travay pou ede nan fè eritaj sa a disparèt ?
- 6- An n kalkile enpak vokabilè lang nou sou tematik « ras » la. Jan nou kapab wè li a, lang yon kominote gen anpil enfliyans sou sa nou fè ak eritaj kolonyal sa a. Dayè, istorik mo kreyòl « nèg » la se yon egzanp sitou lè n konpare l ak mo franse « nègre » la. Ki relasyon nou wè ant vokabilè divès lang (kreyòl, franse ak angle) ak konsekans eritaj kolonyal rasis la jounen jodi a ?
- 7- Ann Ayiti, youn nan slogan nou toujou ap repete e ki gen anpil sans pou nou nan lang manman nou se « Tout moun se moun ». Ki jan nou panse Ayiti, kòm nasyon, te travay e kontinye ap travay pou fè eslogan sa a ateri tout kote ? (Nou ka konsilte [yon atik Pwòf Jean Casimir](#) sou tematik « Tout moun se moun » sa a.)